



TINDAK TUTUR SAMBAT SAJRONING CAKEPAN LAGU DENNY CAKNAN

Diantri Andari Kusuma Wardani^{1*}, Surana²

Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya, Kota Surabaya, Indonesia

ARTICLE INFO

Article history:

Received Juli, 2025

Revised Juli, 2025

Accepted Juli, 2025

Available online Juli, 2025

diantri.18023@mhs.unesa.ac.id^{1*},


surana@unesa.ac.id²

This is an open access article under the [CC BY-SA](https://creativecommons.org/licenses/by-sa/4.0/) license.

Copyright © 2023 by Author. Published by Universitas Pendidikan Ganesha.

Abstrak

Tindak tutur mengeluh merupakan tuturan yang mengandung maksud dan makna tertentu yang dituturkan penutur kepada mitra tutur. Tindak tutur termasuk bagian dari pragmatik sebagai disiplin ilmu untuk mempelajari bagaimana bahasa digunakan dalam proses komunikasi sesuai konteksnya. Banyak cara yang bisa digunakan untuk menyampaikan tuturannya. Salah satunya melalui lirik lagu. Lirik lagu digunakan oleh pencipta lagu untuk menyampaikan pesan tertentu yang ingin disampaikan kepada pendengarnya. Adapun lirik lagu yang digunakan dalam penelitian ini adalah lirik lagu Denny Caknan. Denny Caknan merupakan salah satu penyanyi dan pencipta lagu dengan genre lagu jawa koplo yang terkenal. Setiap karya-karya berhasil masuk trending Youtube. Ditambah dengan karya lagunya yang enak didengar membuat siapapun pasti menyukainya. Berkaitan dengan tindak tutur dalam penelitian ini memilih tindak tutur mengeluh dalam lirik lagu Denny Caknan, Karena lagu-lagu jawa terkenal dengan tema-tema patah hati, kasmaran dan lain sebagainya. Akan tetapi dalam penelitian ini tindak tutur mengeluh tidak hanya terbatas pada satu tema saja. Melainkan semua tema dalam lagu Denny Caknan akan diteliti tentang tindak tutur mengeluh. Tujuan dari penelitian ini adalah (1) menjelaskan bentuk tindak tutur mengeluh dalam lirik lagu Denny Caknan; dan (2) menjelaskan strategi mengeluh menurut Trosborg (1995). Metode penelitian yang digunakan dalam penelitian ini adalah metode deskriptif kualitatif. Hasil penelitian ini adalah ditemukan bentuk tindak tutur mengeluh langsung literal, tindak tutur mengeluh langsung tidak literal, tindak tutur mengeluh tidak langsung literal, dan tindak tutur mengeluh tidak langsung tidak literal. Bentuk tindak tutur sambat yang paling dominan digunakan dalam lirik lagu Denny Caknan yaitu tindak tutur langsung literal. Terdapat strategi mengeluh Trosborg (1995) yang ditemukan dalam lirik lagu Denny Caknan yaitu strategi mengeluh tidak ada teguran dengan sub kategori petunjuk, strategi mengeluh ekspresi mencela dengan sub kategori ekspresi kekesalan, konsekuensi yang menyakitkan, strategi mengeluh tuduhan dengan sub kategori tuduhan langsung, strategi mengeluh menyalahkan dengan sub kategori menyalahkan disamakan dan menyalahkan secara eksplisit (sikap). Strategi mengeluh yang paling dominan digunakan dalam lirik lagu Denny caknan adalah tindak tutur tidak ada teguran secara eksplisit dengan sub kategori petunjuk dan strategi mengeluh menyalahkan dengan sub kategori konsekuensi yang menyakitkan.



Kata Kunci: Tindak Tutur Mengeluh, Lirik Lagu, Pragmatik, Lagu Denny Caknan, Strategi Mengeluh Trosborg.


Abstract

The speech act of complaining is an utterance that contains a specific intention and meaning that is uttered by the speaker to the interlocutor. Speech acts are part of pragmatics as a discipline to study how language is used in the communication process according to its context. Many ways can be used to convey the utterance. One of them is through song lyrics. Song lyrics are used by songwriters to convey a certain message they want to convey to their listeners. The song lyrics used in this study are Denny Caknan's song lyrics. Denny Caknan is one of the singers and songwriters with the famous Javanese koplo song genre. Each of his works has successfully entered the YouTube trending. Coupled with his pleasant-sounding songs, everyone will definitely like them. Related to the speech act in this study chose the speech act of complaining in Denny Caknan's song lyrics, because Javanese songs are famous for the themes of heartbreak, infatuation and so on. However, in this study the speech act of complaining is not only limited to one theme. Instead, all themes in Denny Caknan's songs will be studied regarding the speech act of complaining. The purpose of this study is (1) to explain the form of complaining speech acts in Denny Caknan's song lyrics; and (2) to explain the complaining strategy according to Trosborg (1995). The research method used in this study is a qualitative descriptive method. The results of this study are the forms of direct literal complaining speech acts, direct non-literal complaining speech acts, indirect literal complaining speech acts, and indirect non-literal complaining speech acts. The most dominant form of complaining speech acts used in Denny Caknan's song lyrics is the direct literal speech act. There are Trosborg's (1995) complaining strategies found in Denny Caknan's song lyrics, namely the strategy of complaining without reprimand with the sub-category of instructions, the strategy of complaining with the expression of criticism with the sub-category of annoyance, painful consequences, the strategy of complaining with accusations with the sub-category of direct accusations, the strategy of complaining with the sub-category of disguised blame and explicit blame (attitude). The most dominant complaining strategy used in Denny Caknan's song lyrics is the speech act of no explicit reprimand with the sub-category of instructions and the strategy of complaining with the sub-category of painful consequences.

Keywords: Complaining Speech Act, Song Lyrics, Pragmatics, Denny Caknan's Song, Trosborg's Complaining Strategy.

1. PENDAHULUAN

Manungsa nggunakake basa kanggo nindakake komunikasi ing panguripan saben dinane. Basa kuwi kanggo ngaturake maksud marang mitra tuture. Tujuwane panutur nuturake tuturan kasebut supaya mitra tutur mangerteni apa kang dikarepake dening panutur sajroning proses komunikasi kuwi. Saengga bisa dimangerteni yen sajroning nindakake komunikasi sesambetan karo tindak tutur. Tindak tutur dhasare saka pandangan yen tuturan yaiku sarana kanggo komunikasi lan nduweni teges yen direalisasikan sajroning tindak komunikasi kang nyata, kayata nggawe pernyataan, pitakonan, pakon, lan panyuwun. (Rusminto, 2010:76 sajroning Ayasy, 2022:1). Saka panjlentrehan panemu kuwi bisa dimangerteni yen tuturan kuwi ngandhut tindakan kang nduweni maksud gumantung saka tuturan kang diaturake sajroning komunikasi.




Ngenani tindak tutur yaiku tuturan kang ditindakake dening panutur kanggo ngaturake ukara kang ngandhut maksud utawa teges tartamtu marang pangrungune. Kanggo mangerteni maksud lan teges kang diaturake dening panutur sajrone tuturan kasebut nggunakake dhisiplin ilmu basa kang ana gegayutane karo tindak tutur. Dhisiplin ilmu basa kasebut yaiku diarani pragmatik. Pragmatik yaiku dhisiplin ilmu basa kanggo njlentrehake maksud utawa tegese tuturan kang diaturake dening panutur marang pangrungune. Maksud utawa tegese tuturan kasebut nduweni sesambungan karo kahanan tuturane. Tindak tutur iki ora uwal saka anane proses komunikasi yaiku nindakake komunikasi kanthi nggunakake basa. Mula tindak tutur minangka wujud proses komunikasi ana sesambungan karo pragmatik. Pranyatan kuwi disengkuyung dening panemu I Dewa Putu Wijana (1996:2) kang njlentrehake yen pragmatik yaiku cabang ilmu basa kang nyinaoni struktur basa kanthi cara eksternal, yaiku kepriye kabasan dianggo sajrone proses komunikasi. Mula tuturan kang dikaji kanthi dhisiplin ilmu basa pragmatik yaiku ngenani maksud utawa teges kang kaiket karo konteks. Kanthi konteks sajrone tuturan kasebut supaya nggampangake mitra tutur mangerteni lan bisa nerjemahake maksud utawa tujuwane tuturan kang dianggo dening panutur.

Akeh medhia kang bisa digunakake kanggo ngaturake tuturan salah sawijine yaiku lumantar lagu. Lagu yaiku ekspresi ati lan pikiran saka pangripta (Jamalus, 1998: 5). Minangka ekspresine ati lan pikiran lagu kuwi lumrahe nyritakake ngenani prekara kang umum dumadi sajroning panguripane manungsa. Saengga sapa wae kang ngrungokake lagu bisa nuwuhake maneka werna pangrasa kayata rasa seneng, susah, sedhih, kasmaran, lan liya-liyane. Saka babagan kasebut bisa dimangerteni yen sajroning lagu kuwi ngandhut maksud lan teges. Maksud lan tegese lagu kasebut ora uwal saka panganggone basa sajroning cakupan lagu.

Cakupan lagu minangka basa ekspresine manungsa kang karipta lumantar proses kreatif saengga sarat karo teges kang dikandhut lan perlu diterjemahake. Cakupan lagu bisa diarani minangka salah sawijine karya seni kang asipat tinulis kang wujud saemper karo puisi. Basa sajrone cakupan lagu yaiku basa kang dipadhetake, diringkes, lan diwenahi irama kanthi muni kang padu lan pamilihane tembung entar lan imajinatif (Waluyo, 2002:1). Saka panjlentrehane panemu kasebut bisa dingerteni yen sajrone cakupan lagu kuwi minangka simbol utawa lambang muni kang digunakake dening panganggit kanggo ngaturake sakabehane pikiran, rasa pangrasane, pengalaman utawa nilai-nilai kang bisa menehi pesen marang pangrungu lan panikmate. Saengga pesen sajrone lagu kuwi bisa katampa lan ditrima dening pangrungu lan panikmat lagune. Mula bisa diarani yen cakupan lagu kasebut minangka tindak tutur kang ditindakake dening panganggit utawa penyanyi. Panganggit utawa penyanyi lagu minangka panutur ngaturake tuturan marang mitra tutur yaiku pangrungu lan panikmat lagu lumantar cakupan lagu kang dinyanyekake. Babagan kuwi slaras karo panjlentrehane Hermintoyo (2017:198-199) yen tindak tutur sajrone cakupan lagu yaiku tindak tutur kang unik ateges tuturan kuwi bisa kanthi cara langsung blaka karo pamacane utawa kanthi cara ora langsung blaka lan ora blaka kang dikomunikasekake marang pamaca. Babagan kasebut kang narik kawigatane panliti kanggo nлити tindak tutur sajrone cakupan lagu.

Kayata kang wis dimangerteni yen cakupan lagu yaiku tindak tutur kang tuturane diaturake kanthi dinyanyekake marang pangrungune. Salah sawijine jinise tindak tutur yaiku tindak tutur sambat. Tindak tutur sambat dhewe yaiku tindak tutur kang nuansane kecaman utawa celaan



saengga kanthi cara sosial susah ditrima. Nalika sambat diaturake kanthi cara langsung, yaiku nalika panutur nggawe tuturan sambat ngenani sawijining pawongan utawa sawijining tartamtu kang ana wektu tuturane, tindak tutur sambat ngancam wajah mitra tutur. Ora mung wajah mitra tutur kang dadi cedera, sesambungan antara pelaksana tutur bisa dadi rusak (R. Dian D. Muniroh, 2011:247 sajroning Adila, 2012:5). Miturut Trosborg (1995) sajroning buku “*Interlanguage Pragmatics*” tindak tutur sambat nduweni patang kategori utama kanthi wolu sub strategi kang digunakake panutur basa sajroning konteks formal lan informal.

Cakepan lagu kang bakale diteliti ngenani tindak tutur sambat yaiku saka lagune Denny Caknan. Caknan. Denny Caknan yaiku salah sawijine penyanyi lagu pop Jawa lan koplo kang populer ing jaman saiki. Kapacak saka *kumparan.com* Denny Caknan yaiku jeneng panggung saka Deni Setiawan, sawijining penyanyi lan pangripta lagu kang lair ing Ngawi, 10 Desember 1993. Dikenal sawise lagu hits kang judhule “Kartonyono Medot Janji” ing pasaran taun 2019 lan langsung narik kawigatene masarakat. Lagu kasebut dadi titik awal kesuksesane Denny sajroning musik tradisional kang dikemas kanthi gaya modern, uga ndadekake jenenge populer ora mung ing kalangan pangrungu musik Jawa nanging uga ing se-Indonesia. Akeh karyane, Denny kang nggunakake basa Jawa minangka basa utama sajroning cakepan lagu, kanthi sisipan ukara sajroning basa Indonesia. Babagan kuwi nggawe lagune rasane *autentik* lan gampang ditrima dening pangrungu saka maneka werna latar belakang. Lagu-lagune asring kasil menduduki posisi trending ing maneka werna, utamane *YouTube* kang dadi salah sawijine medhium utama sajroning ngenalake karya-karya Denny ing khalayak. Babagan kuwi panliti milih lagune Denny Caknan kanggo diteliti. Kamangka lagune Denny Caknan akeh banget, panliti menehi watesan kang bakal diteliti mung lagu kang cakepane dianggit dhewe dening Denny Caknan. Amarga Denny Caknan sakliyané dadi penyanyi uga bisa nganggit lagu dhewe. Lagu kang dianggit kuwi dinyanyekake dhewe uga dinyanyekake kanthi cara *duet* utawa dinyanyekake karo penyanyi liya. Kayata lagu *Satru* dinyanyekake *duet* karo Happy Asmara lan lagu *Badut Cinta* kang dinyanyekake dening Sam Toppel.

Ing salah sawijining cakepan lagu Denny Caknan ngandhut karakteristik tindak tutur sambat. Tindak tutur kuwi kawujud karana penyanyi utawa panganggit lagu ana gegayutane karo pamaca utawa pangrungu. Ing ngisor iki salah sawijining tuladha pethikan saka cakepan lagu kang ngandhut tindak tutur sambat kanthi judhul Kartonyono Medot Janji.

Kok kebangetan men


Sambat blas ra ono perhatian

Jelas kubutuh atimu, kubutuh awakmu

Kok kebangetan men

Tuturan kasebut kalebu tuturan kang ngandhut teges sambat kang diaturake dening panutur kanthi cara langsung blaka marang mitra tutur. Tuturan kuwi katon saka tetenger ‘*sambat blas*’. Tuturan kasebut minangka ekspresi panutur karana ora trima yen dheweke ora menehi perhatian marang mitra tuture. Tuturan kang diaturake dening panutur kasebut kalebu strategi ora sarujuk kanthi ekspresi mangkelake

Adhedhasar saka babagan kasebut panliti nduweni ancas kanggo (1) njlentrehake wujudé tindak tutur sambat sajrone cakepan lagu Denny Caknan, lan (2) njlentrehake strategi tindak tutur sambat Trosborg (1995) sajrone cakepan lagu Denny Caknan.



Miturut Searle (1979: 35) njlentrehake yen tindak tutur sambat yaiku tuturan kang dituturake dening panutur marang mitra tutur supaya tuturan bisa ditanggapi minangka wujud respon utawa pamelune antara panutur lan mitra tutur sajrone komunikasi, saengga pranyatan kang katujokake marang wong (disambati) kang tanggung jawab karana nglanggar lan ngakibatake pawongan liya tanggung jawab karana nglanggar kasebut.

Dewa Putu Wijana (1996:30-32) njlentrehake yen kanthi cara formal adhedhasar modhus, ukara diperang dadi ukara pawarta (*deklarasi*), ukara takon (*integratif*), lan ukara pakon (*imperative*). Kanthi cara konvensional ukara pawarta digunakake kanggo wartakake sawijining tartamtu, lan ukara pakon kanggo ngaturake pakon, pangajak, panyuwun utawa permohonan. Menawa ukara pawarta difungsiakake kanthi cara konvensional kanggo ngaturake sawijining tartamtu, ukara takon kanggo nakonake, lan ukara pakon kanggo ngongkon, ngajak, mohon, dsb. Tindak tutur kang kawangun yaiku tindak tutur langsung (*direct speech act*). Kejaba kuwi kanggo ngomong kanthi cara sopan, pakon bisa diutarakake kanthi ukara pawarta utawa ukara supaya pawongan kang diprentah ora rumangsa dhirine diprentah. Dene babagan kuwi kedaden, kawangun tindak tutur ora langsung (*indirect speech act*). Tuturan kang diutarakake kanthi cara ora langsung, nanging kudu gage dilaksanakake maksud kang terimplikasi. Tindak tutur langsung blaka (*direct literal speech act*) yaiku tindak tutur kang diutarakake kanthi modhus tuturan lan teges kang padha karo maksud pengutaraane. Maksud mrentah diaturake kanthi ukara prenah, wartakake kanthi ukara pawarta, nakonake sawijining tartamtu kanthi ukara takon. Tindak tutur ora langsung blaka (*indirect literal speech act*) yaiku tindak tutur kang diungkapakake kanthi modhus ukara kang ora slaras karo maksud pengutaraane, nanging teges tembung-tembung kang kasusun slaras karo kang dimaksud panutur. Sajroning tindak tutur iki maksud mrentah diutarakake kanthi ukara pawarta utawa ukara takon. Tindak tutur langsung ora blaka (*direct nonliteral*) yaiku tindak tutur kang diutarakake kanthi modhus ukara slaras karo teges tuturan, nanging tembung-tembung kang kasusun ora nduweni teges kang pada karo maksud panutur. Maksud mrentah diungkapakake kanthi ukara mrentah, lan maksud mengimformasikake kanthi ukara pawarta. Tindak tutur ora langsung ora literal (*indirect nonliteral speech act*) yaiku tindak tutur kang diutarakake kanthi modhus ukara kang ora slaras karo maksud kang arep diutarakake.

Klasifikasi tuturan sambat sarjroning patang kategori kanthi dinyatakake kanthi wolung sub kategori, wiwit saka kang paling ora langsung nganti kang paling langsung. Trosborg (1995:315). Ana ing ngisor iki panjlentrehane:

1) Ora ana teguran kanthi cara eksplisit (*no explicit reproach*)

a. Petunjuk (*hints*)


Panutur nggunakake isyarat, babagan kan disambatake ora dijlentrehake sajroning tuturan saengga mitra tutur ora sadar yen sambatane kuwi disambatake.

2) Ekspresi mencela (*expression of disapproval*)

a. Ekspresi Mangkelake (*annoyance*)

Panutur mengekspresikake sambat kanthi ngaturake jengkel/kuciwa kanthi nunjuk langsung marang babagan/benda kang miturute ora slaras/elek, tanpa nyebutake yen mitra tutur yaiku pawongan kudu bertanggung jawab marang babagan kang disambatake.

b. Konsekuensi kang Nglarakake (*ill consequences*)



Panutur nyebutakake dampak saka tindakane mitra tutur kang ora ngenakake.

3) Nuduh (*accusation*)

a. Tuduhan ora langsung (*indirect*)

Kanggo nuduh mitra tutur, panutur nggunakake ukara takon ngenani kahanan kang cedek karo babagan kan dikeluhake.

b. Tuduhan langsung (*direct*)

Panutur kanthi cara langsung nuduh mitra tutur karana tumindakae kang wis ngrugikake panutur.

4) Nyalahake (*blame*)

a. Nyalahake kang disamarake (*modified blame*)

Mitra tutur yaiku pawongan kang kudu bertanggung jawab kang disambatake panutur. Kanggo kenyamanan, panutur ngungkapakake alternatif tindakan kang kudune dilakokake mitra tutur.

b. Nyalahake kanthi cara eksplisit (sikap) (*explicit blame (behaviour)*)

Ora basa-basi, panutur langsung nyatakake yen tindakan kang dilakokake mitra tutur ora slaras/elek.

c. Nyalahakake kanthi cara eksplisit (wong) (*explicit blame (person)*)

Panutur nyatakake kanthi cara eksplisit yen mitra tutur minangka tertuduh yaiku pawongan kang ora tanggung jawab.


2. METODE

Sajroning panliten iki panliti nggunakake methode panliten dheskriptif kualitatif. Dheskriptif kualitatif (*QD*) yaiku istilah kang digunakake sajrone panliten kualitatif kanggo sawijine kajian kang asipat dheskriptif (Kim, Sefcik & Bradway, 2016 sajrone Yuliani, 2018:86). Panliten dheskriptif yaiku panliten kang tujuwane kanggo njlentrehake lan ndheskripsikake sawijine kahanan, prastawa, objek apa kuwi wong, utawa sakabehane tartamtu kang gegayutan karo variabel-variabel kang bisa dijlentrehake karo angka-angka utawa tembung-tembung (Setyosari, 2010 sajrone Samsu, 2021:65). Panliten kanthi nggunakake teknik dheskriptif sajrone ranah kabasan yaiku penliten kang ora ngowahake dhata sajrone analisis, dene nindakake kanthi cara mrinci lan njlentrehake dhatane dening panliten dhewe (Sudaryanto, 2015:13).

Adhedhasar panjlentrehan kasebut kang dadi alesane panliti nindakake panliten kanthi metodhe dheskriptif kualitatif. Babagan kuwi karana panliti nлити fenomena tuturan kang ana ing cakupan lagu Denny Caknan minangka dhatane. Fenomena sajrone cakupan lagu kasebut arupa tuturan minangka ungkapan rasa pangrasane, pikiran, pengalaman, ekspresi, utawa emosine panganggit lagu. Asil analisis panliten iki awujud dheskripsi fenomena tuturan kang ngandhut teges tindak tutur sambat sajroning cakupan lagu Denny Caknan. Saengga sajroning panliten iki ngupayakake kanggo ndheskripsikake ngenani fenomena tuturan kanthi wujud lan strategi tindak tutur sambat sajrone cakupan lagu Denny Caknan.

Dhata lan Sumber Dhata

Dhata lan sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki bakal diprinci lan dijlentrehake ana ing ngisor iki:



1) Dhata

Miturut Sudaryanto (1993:3) dhata yaiku kabeh informasi utawa bahan kang wis disedyakake alam (sajrone teges amba) kang kudu digoleki lan disedyakake kanthi sengaja dening panliti kang jumbuh karo prakara kang diteliti. Saka panjlentrehane panemu kuwi nyatakake yen panliti kudu nggoleki dhata saperlu kanggo nindakake panliten. Karana yen ora ana dhata minangka objeke panlitene wis samesthine panliti ora bisa nindakake panliten. Dhata panliten kuwi dudu dhata kang sipate mentah ananging dhata kang sipate wis dadi sajrone nindakake panliten.

Magepokan karo dhata panliten kang dianggo ing panliten iki yaiku tindak tutur sajroning cakepan lagu kang dianggit dhewe dening Denny Caknan kanthi *genre* lagu koplo jawa. Cakepan lagu kuwi minangka tindak tutur kang dituturake kanthi cara dinyanyekake dening panganggit lagune dhewe utawa penyanyi liya uga bisa dinyanyekake kanthi bebarengan (*duet*, *trio*, utawa *grup*). Lumantar cakepan lagu kuwi panganggit utawa penyanyi nindakake komunikasi marang pangrungune. Banjur cakepan lagu kang ngandhut tuturan kuwi digoleki teges utawa maksude kang katujokake marang pangrungu lagune. Teges utawa maksud tuturan sajrone cakepan lagu kasebut kang kajupuk minangka dhatane panliten iki yaiku tuturan kang ngandhut teges utawa maksud sambat. Bisa didudut dhata sajrone panliten iki yaiku tuturan ing cakepan lagu Denny Caknan kang ngandhut teges tindak tutur sambat.

2) Sumber Dhata

Dhata panliten bisa diolehake asale saka sumber dhata. Sumber dhata yaiku subjek saka ngendi dhata bisa diolehake (Zuldafrial lan Lahir, 2012:46). Sumber dhata yaiku faktor penting kang dadi pertimbangan sajrone panemtokane metodhe panglumpukan dhata kejaba jinis dhata kang wis digawe ing muka (Indriantoro lan Supomo, 2013: 142). Subjek kang bakale diteliti kuwi nduweni sesambungan karo dhata kang diolehake minangka objeke panliten iki. Adhedhasar sumber dhatane, dhata diperang dadi rong bageyan yaiku dhata primer lan dhata sekunder. Ing ngisor iki bakal dijlentrehakae ngenani sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki.

a. Dhata Primer

Dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata marang panliti (Sugiyono, 2019:194). Kanthi tembung liya dhata primer yaiku dhata kang diolehake langsung saka sumber kapisan, lumantar observasi utawa wawancara marang responden lan informan (Samsu, 2021:95). Dene dhata primer saka panliten iki yaiku cakepan lagu kang dianggit dhewe dening Denny Caknan kanthi *genre* lagu koplo jawa. Dene lagu kuwi dinyanyekake dening panganggit lagune dhewe utawa penyanyi liya uga bisa dinyanyekake kanthi bebarengan (*duet*, *trio*, utawa *grup*). Cakepan lagu kang digunakake ana 5 (lima) yaiku Kartonyono Medot Janji, Sugeng Dalu, Kangen Mulih, Satru, Satru 2.

b. Dhata Sekunder

Dhata sekunder yaiku panliti ora langsung nrima saka sumber dhata (Sugiyono, 2019:194). Kanthi tembung liya, dhata sekunder yaiku dhata kang diolehake saka sumber kaloro, saliyané saka kang diteliti kang tujuwane kanggo nyengkuyung panliten kang wis ditindakake (Samsu, 2021:95). Mila bisa ditegesi yen dhata sekunder kuwi kanggo nyengkuyung dhata primer kasebut. Dhata sekunder kang digunakake sajroning panliten iki




yaiku artikel, jurnal, panliten kang saemper, buku utawa sumber liyane kang gegayutan sajroning panliten iki. Panliti ngolehake dhata sekunder kuwi minangka tambahan kanggo njangkepi lan nyengkuyung dhata sajroning nindakake panliten. Sumber dhata sekunder kasebut kanggo nggampangake panliti sajroning mangsuli undheran lan tujuwane panliten iki.

3) Instrumen Panliten

Kuncine panliten yaiku panliti dhewe minangka instrumen manungsa utawa human instrument. Panliten kualitatif minangka human instrument nduweni fungsi netepake fokus panliten, milih informan minangka sumber dhata, nindakake panglumpukan dhata, nliti kwalitet dhata, analisis dhata, napsirake dhata, lan nggawe dudutan marang temuane (Abdussamad, 2021:141). Saengga instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe minangka instrumen manungsa kang nglaksanakake panliten. Minangka palaksana panliten, panliti nindakake dhewe tumrap panliten tindak tutur sambat sajrone cakepan lagu Denny Caknan. Panliti nindakake dhewe panglumpukane dhata, analisis dhata nganti nggawe dudutan saka asil analisis dhata panlitene kuwi. Dene wonten instrumen panyengkuyung kanggo mbantu instrumen utama yaiku piranti nyemak lan piranti nyathet. Piranti nyemak kuwi kanggo nyemak lagu lan cakepan lagu Denny Caknan sesambetan karo undheraning lan ancasing panliten iki. kayata laptop lan *headphone*. Banjur piranti nyathet kuwi kanggo nyathet bab-bab kang wigati sesambetan karo underaning lan ancasing panliten iki. Piranthi nyathet kuwi arupa buku tulis, kertas, lan piranti nulis.

4) Tata Cara Panglumpukane Dhata

Panliten iki nggunakake metodhe dhokumentasi lan metodhe semak sajroning nglumpukake dhata. Metodhe dhokumentasi yaiku panglumpukane dhata kanthi ngimpun lan nganalisis dhokumen-dhokumen tinulis, gambar utawa elektronik (Sukmadinata, 2017: 220). Babagan kasebut magepokan sajroning panliten iki kanggo ngolehake dhata kang gegayutan karo tindak tutur sambat sajroning cakepan lagu Denny Caknan. Kanthi nggunakake metodhe dokumentasi kuwi panliti nglumpukake dhata kanthi wujud elektronik arupa lagu sarta tinulis awujud judhul lagu lan cakepan lagu kang dianggit dhewe dening Denny Caknan uga buku, jurnal, utawa artikel kang gegayutan karo panliten iki. Dene metodhe semak yaiku metodhe kang digunakake sajroning panliten basa kanthi cara nyemak pigunane basa ing objek kang bakal diteliti (Sudaryanto, 2015:203). Panliti nggunakake metodhe semak kanthi cara ngrungokake lagu Denny Caknan. Kanthi metodhe nyemak kuwi panliti bisa ngolehake kanthi nindakake penyadapan utawa diarani teknik sadap. Teknik sadap diarani minangka teknik dhasar sajrone metodhe semak karana hakekate panyemakan diwujudake kanthi penyadapan. Penyadapan ing kene ateges kanggo nyadap pigunane basa kanthi cara lisan mawa tulisan. Sajrone prakteke, teknik sadap iki dimeloni karo teknik lanjutan, yaiku teknik semak libat cakap, teknik semak bebas cakap, teknik semak bebas libat cakap, lan teknik cathet (Mahsun, 2017:92- 93). Magepokan karo panliten iki nggunakake rong teknik lanjutan yaiku teknik semak bebas libat cakap lan teknik cathet. Teknik semak bebas libat cakap, maksude panliti mung nduweni peran minangka pengamat basa saka para informane. Dheweke ora terlibat sajroning prastawa panuturan kang basane diteliti. Teknik cathet digunakake minangka sandhingane teknik semak bebas libat cakap yaiku nyathet sawatara wujud kang relevan tumrap panlitene



saka pigunane basa kanthi cara tinulis (Mahsun, 2017: 93-94). Sajrone panliten iki panliti nyemak lan namatake pigunane basa sajrone cakepan lagu kang ngandhut tindak tutur sambat banjur dicathet kanthi tinulis.

5) Metodhe Analisis Dhata

Sajroning panliten iki nggunakake metodhe analisis padan pragmatis. Metode padan pragmatis yaiku metode kang digunakake kanggo ngidhentififikasi satuwan basa kanthi cara mbandingake kanthi sawijining ing sajabane basa kuwi dhewe (Sudaryanto, 2015:14). Metodhe analisis padan pragmatis bisa digayutake karo strategi sambat Trosborg (1995). Karana metodhe analisis kuwi kang dadi alat penentu yaiku saka njabane basa (ekstralingual).

6) Tata Cara Nyuguhake Asil Analisis Dhata

Miturut Sudaryanto (1993:144-145) nyatakake yen metodhe nyuguhake asil analisis dhata ana rong macem, yaiku kang asipat informal lan kang asipat formal. Metodhe nyuguhake informal yaiku ngrumusake kanthi tembung-tembung biyasa ewadene kanthi terminologi kang teknis sipate, dene nyuguhake formal yaiku ngrumusake kanthi tandha lan lambang-lambang. Adhedhasar panjlentrehane panemu kuwi sajrone panliten iki nggunakake metodhe informal. Kanthi nggunakake metodhe informal kuwi kanggo njlentrehake dhata kanthi nggunakake basa. Panjlentrehane dhata kanthi nggunakake basa gegayutan karo panliten iki kang ndheskripsekake tindak tutur sambat sajroning cakepan lagu Denny Caknan.

3. HASIL DAN PEMBAHASAN

Lagu Kartonyono Medot Janji

Lagu iki nyritakake pawongan kang saya susah ngikuti kepinginane pacare. Saengga panutur wis ora betah marang kahanan kasebut. Pungkasane mitra tutur ninggalakake panutur. Ing ngisor iki panjlentrehane cakepan lagu kang ngandhut maksud tindak tutur sambat.

Kok kebangeten men

Sambat blas raono perhatian

Jelas kubutuh atimu


Kubutuh awakmu

Kok kebangeten men

Tuturan kasebut kalebu tindak tutur kang ngandhut teges sambat kang diaturake dening panutur kanthi cara langsung blaka marang mitra tutur. Tuturan kuwi katon saka tetenger ‘*sambat blas*’ lan ‘*kubutuh*’. Tuturan kasebut minangka ekspresi panutur karana ora trima yen dheweke ora menehi perhatian marang mitra tuture. Tuturan kang diaturake dening panutur kasebut kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi ekspresi mangkelake. Karana panutur rumangsa yen kang dadi sambate mitra tutur kuwi ora slaras karo miturute panutur. Sebab panutur sejatine isih sayang marang mitra tutur.

Budalo malah tak duduhi dalane.

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat kanthi cara langsung ora blaka. Karana wujud ukarane kuwi panutur menehi prentah marang mitra tutur saka tetenger ‘*budalo*’. Nanging panutur ora blaka anggane mrentah mitra tutur budhal ing panggonan endi. Babagan kuwi ditengeri saka ukara ‘*malah tak duduhi dalane*’. Banjur arahe uga ora jelas anggane panutur nduduhi marang mitra tutur. Tuturan kuwi kalebu strategi sambat nyalahake kanthi nyalahake



kang disamarake. Panutur ngaturake tuturan kuwi nyalahna marang mitra tutur. tuturane kuwi ngandhut rasa emosi kaya sindiran.

Rasa nyawang sepionmu sing marai ati tambah mbeban

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung ora blaka ngenani nyawang spion, nanging maksudnya yaiku ora usah nyawang babagan kang wes kedaden. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat nyalahakake kang disamarake. Karana mitra tutur kudu tanggungjawab marang apa kang disambatake dening panutur. Panutur ngungkapakake alternatif tindakan kang kudune ditindakake mitra tutur yaiku ora usah nyawang babagan kang wes kedadeyan. Supaya mitra tutur ora nduweni beban. Tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mangkelake kanthi konsekuensi kang nglarakake. Karana tumindake sambat saka mitra tutur kang dadi dampak ora ngenakake marang panuture.

Nuruti kekarepanmu sansoyo bubrah

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat ora langsung blaka. Tuturan kuwi maksude yaiku panutur sambat yen kakehan nuruti kekarepane mitra tutur saya ngrusak panuture. Ing kene ora dijlentrehake apa kang njalari panutur rumangsa rusah yen nuruti kekarepane mitra tutur. Basa kang digunakake ora nganggo basa kiasan utawa metafora. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi konsekuensi kang nglarakake. Panutur nyebutake dampak saka tumindake mitra tutur kang ora ngenakake.

Tapi kenyataannya pergi.

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat ora langsung blaka karana ukara kasebut ngandut teges sambate panuture kuwi mung nyatakake fakta nanging ora eksplisit. Tetembungane uga cetha ora nggunakake tembung kiasan. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ora ono teguran kanthi cara eksplisit kang nggunakake petunjuk. Penutur ora nyalahake mitra tutur kanthi cara langsung. Mitra tutur ora paham yen lagi dikeluhake karo panutur.

Ambruk cagakku nuruti angen-angenmu


Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat ora langsung ora blaka. Karana anggone sambat panutur nggunakake kiasan kang nduweni teges panutur wes ora kuwat nuruti angen-angene mitra tutur. Tuturan kuwi nggunakake teges implisit yaiku nggunakake tembung kiasan. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi konsekuensi kang nglarakake. Panutur nyebutakake dampak saka tumindakake mitra tutur kang ora ngenakake yaiku panutur ora sanggup nuruti pangangene mitra tutur.

Loro ati iki, tambarno karo tak nggo latihan

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur ora langsung ora blaka karena kang terluka yaiku ora fisik nanging atine utawa pangrasane. Luka kang dialami dening panutur karana mitra tutur kuwi wes dianggep panutur kanggo belajar. Supaya ora njeru-njeru anggone nresnani. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ora ana teguran kanthi cara eksplisit kang nggunakake petunjuk. Karana sambate kuwi ora diarahake marang mitra tutur. Ana kekarepan yen lara atine iku bisa dimangerteni wong liya.

Lagu Sugeng Dalu

Lagu iki nyritakake ngenani priya kang ngusahakake kanggo nglanjutakake uripe sawise pisah karo kekasihhe. Priya minangka panutur kuciwa marang mitra tuture kang nate disayangi. Rasa sayange panutur mung dianggep dolanan karo mitra tutur. Panutur rumangsa tumindake



mitra tutur salah mung karena masalah sepele mitra tutur luwih pilih ninggalake panutur. Ing ngisor iki panjlentrehane cakepan lagu kang ngandhut maksud tindak tutur sambat yaiku:

Tambah loro

Yakin we teko nambahi sengsoro

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat kanthi cara langsung ora blaka. Babagan kuwi karena panutur sambat yen sabenere isih kelaran ditambah tekane mitra tutur saya nambah pangrasa larane dadi sengsoro. Tembung kang dadi tetenger tindak tutur sambat kanthi cara langsung yaiku saka tembung '*tambah*' lan '*nambahi*'. Dene ora blaka karena kang loro yaiku dudu fisik saengga ora ketara saka fisik. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi konsekuensi kang nglarakakake. Karana panutur nyebutakake dampak saka tumindake mitra tutur kang ora ngenakake yaiku panutur wes ngrasakake lara ketambahan ketemu mitra tutur malah tambah larane dadi sengsoro.

We lungo mung masalah sepele

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat ora langsung blaka karena ukarane ora nduweni maksud sambat nanging tegese ukarane kuwi ngenani sambat. Panutur ngaturake sambat mung kanthi implisit marang mitra tutur dhasare saka sikap mitra tutur milih lungo. Panutur kanthi blaka ngaturake ditengeri saka tembung *lungo* yaiku tembung kriya kang negesi yen panutur ditinggal lungo karo mitra tutur. Panutur rumangsa yen tindakane mitra tuture salah karena prakara kang dianggep gedhe dening mitra tutur mung dianggep sepele karo panutur. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ing cakepan lagu kuwi kalebu strategi sambat nyalahakake kanthi cara eksplisit (sikap). Karana panutur ora basa-basi nyalahakake sikap mitra tutur. Babagan kuwi ditengeri saka tembung *lungo* yaiku tembung kriya kang digunakake panutur kanggo ngutarakake sikap mitra tutur.

Ngerusak tatanan ati sing wes pengen lali

Karo gedhe dhuwure balunganmu


Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung ora blaka. Karana cakepan lagu kuwi diaturake kanthi langsung ekspresi sambate panutur wis nyoba nglalekake pangrasane marang mitra tutur nanging keganggu karo sifate mitra tutur. Dene cakepan gatra kapindho minangka panutur ngungkapake sifate mitra tutur kanthi ungkapan metaforis kanggo nggambarake sifat sombong. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi konsekuensi kang nglarakake. Panutur nyebutake dampak saka tumindake mitra tutur kang ora ngenakake.

Perihe ati sing mbok paringi

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Panutur sambat marang mitra tutur kang menehi perih marang atine panutur. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi konsekuensi kang nglarakake. Panutur nyebutakake dampak saka tumindake mitra tutur kang ora ngenakake.

Lagu Kangen Mulih

Lagu iki nyritakake ngenani pawongan kang ora bisa mulih ing omah wong tuwane karena pandemi mligine kanggo pawongan kang panguripane ora kumpul karo bapak, ibu, lan sanak sadulur. Nalika pandemi aktivitas diwatesi lan kudu meneng ing omah ora oleh tindak ing pundi-pundi. Panutur nduweni kekarepan supaya bisa kuwat lan semangat ngadepi pandemi marang



mitra tuture. Ing ngisor iki panjlentrehane cakepan lagu kang ngandhut maksud tindak tutur sambat yaiku:

Jajal tak kuat-kuatne ati iki

Aku ra mulih masio perih

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Karana tuturan sambat kuwi diaturake kanthi maksud lan teges kang padha yaiku sambat. Sambate panutur kuwi yaiku ora bisa mulih amarga watesan kang berlaku nalika masa pandemi. Panutur nduweni pangrasa perih karana nyoba kanggo nguwat-nguwatake ati tetep bertahan ing masa pandemi ing kutha gedhe tanpa kumpul karo kulawarga. Ing tuturan iki ora ana strategi sambat kang ditemokake ing cakepan lagu iki. Karana sambate panutur kuwi uga pada dirasakake marang mitra tutur.

Lagu Satru

Lagu iki nyritakake ngenani pasangan kekasih kang lagi tukaran karana salah paham. Ing ngisor iki panjlentrehane cakepan lagu kang ngandhut tindak tutur sambat.

Opo bakal hubungan satru sateruse?

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat ora langsung blaka. Panutur kuwatir yen hubungane karo kekasihe bakal satru sateruse. Maksud mrentah ing tuturan iki nggunakake ukara takon lan ora nggunakake tembung kiasan. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ora ana teguran kanthi cara eksplisit kategori petunjuk. Karana panutur nggunakake isyarat kanggo babagan kang disambatake. Dene mitra tutur during mesthi sadar yen panutur kuwi lagi sambat.

Buktine sampeyan nglirik liyane

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Karana tuturan kasebut diutarake panutur nuduh mitra tutur. Saengga saka tuturan kuwi kalebu strategi sambat tuduhan kanthi tuduhan langsung. Panutur kanthi cara langsung nuduh mitra tutur nglirik wanita liya.

Satru hubungan mung salah pahammu

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Tuturan kuwi dituturake panutur yen hubungane rusak karana mitra tuture salah paham. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat nyalahake kanthi cara eksplisit (sikap). Panutur ora basa-basi nyalahake mitra tutur kanthi langsung slaras karo konflikte yaiku mitra tuture salah paham marang panutur.


Sampean kudu ngerteni, aku cemburu

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Karana sambate kuwi diaturake karo panutur kanthi cara eksplisit. Tuturan kang diaturake ngandhut modus tuturan kang padha karo tegese. Anggone nuturake sambate kuwi isih sopan senadyan cemburu. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi ekspresi mangkelake. Amarga panutur ora seneng karo tumindake mitra tutur kang nuwuhake rasa cemburu marang panutur. Panutur mung kepengin dimangerteni mitra tutur yen panutur lagi cemburu.

Lagu Satru 2

Lagu iki nyritakake ngenani pawongan kang njalani hubungan jarak jauh karana penggaweyane pasangane. Ing ngisor iki Ing ngisor iki panjlentrehane cakepan lagu kang ngandhut tindak tutur sambat.

Opo kurang leh ku ngerteni karepmu



Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Tuturan diaturake panutur langsung marang mitra tutur. Tuturane kuwi nakonake mitra tutur kanthi ukara pitakonan. Panutur ngaturake sambat kuwi karena rumangsa wes cukup anggone ngerteni mitra tuture. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat nyalahake kanthi cara eksplisit (sikap). Panutur ngaturake ukara kuwi amarga tumindake mitra tutur iku ora slaras.

Nek kangen ngomong kangen, rasah tukaran wae

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Sambate panutur kuwi diaturake awujud nasehat marang mitra tutur supaya ora tukaran. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ekspresi mencela kanthi ekspresi mangkelake. Panutur kuwi mangkel karena kebiasane mitra tutur yen kangen mesthi tukaran.

Mbok ojo satru-satru ae sayangku

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Panutur ngaturake sambat kanthi nyuwun marang mitra tutur supaya ora sering tukaran. Tetembungan kang diaturake cetha ora ana kang nganggo tembung implisit. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ora ono teguran kanthi cara eksplisit kang ekspresi mangkelake. Panutur sambat marang mitra tutur yaiku ojo asring tukaran karena ora kudune pasangan tukaran wae.

Jajal rasah percoyo nek trimo kabar ko njobo

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat langsung blaka. Panutur ngaturake sambat marang mitra tutur karena mitra tuture gampang percaya kabar kang during mesthi ngenani panutur. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat ora ana teguran kanthi cara eksplisit kang kategori petunjuk. Panutur sambat marang mitra tutur kanthi cara alus tanpa nyalahake.

Aku ngenteni, aku ngertenimu hooooo

Tuturan kuwi kalebu tindak tutur sambat ora langsung blaka. Karena panutur ora cetha maksud sambate nanging tegese padha yaiku ngenani sambat. Tegese sambat sajroning tuturan kuwi karena panutur mung bisa ngenteni lan ngerteni marang tutur. Saengga tuturan kuwi kalebu strategi sambat kanthi ora ana teguran eksplisit nggunakake petunjuk. Sambatane panutur kuwi alus tanpa nyalahake pawongan liya.

4. SIMPULAN

Adhedhasar asil panliten, tindak tutur sambat sajroning cakepan lagu Denny Caknan bisa ditarik dudutan kaya ing ngisor iki.

- 1) Wujude tindak tutur sambat sajroning cakepan lagu Denny Caknan ditemokake patang jinis, yaiku tindak tutur langsung blaka, tindak tutur langsung ora blaka, tindak tutur ora langsung blaka, lan tindak tutur ora langsung ora blaka. Wujude tindak tutur sambat sajrone cakepan lagu Denny Caknan paling dominan digunakake yaiku tindak tutur sambat langsung blaka.
- 2) Strategi sambat Trosborg (1995) kang ditemokake panliti, yaiku strategi sambat ora ana teguran kanthi cara eksplisit (*no explicit reproach*) kanthi sub kategori petunjuk (*hints*), strategi sambat ekspresi mencela (*expression of disapproval*) kanthi sub strategi ekspresi mangkelake (*annoyance*), strategi sambat konsekuensi kang Nglarakake (*ill consequences*), strategi Nuduh (*accusation*) kanthi sub kategori tuduhan langsung (*direct*), lan strategi sambat nyalahake (*blame*) kanthi sub kategori nyalahake kang disamarake (*modified blame*), lan nyalahake kanthi cara eksplisit (sikap) (*explicit blame (behaviour)*), Dene ana siji lagu kang



ora ditemokake strategi sambat Trosborg (1995) yaiku kanthi judhul Kangen Mulih. Karana lagune iku nyritakake kahanan nalika masa pandemi. Lagune kuwi kanggo nambah semangat lan tetep kuwat ngadepi pandemi. Antara panutur lan mitra tutur uga padha ngrasakake kahanan kuwi. Strategi sambat sajroning cakepan lagu Denny Caknan paling dominan yaiku strategi sambat ora ana teguran kanthi cara eksplisit (*expression of disapproval*) sub kategori petunjuk.

5. SARAN

Saka panliten iki muga-muga bisa nambah ilmu marang pamaca ngenani tindak tutur sambat sajroning cakepan lagu Denny Caknan. Panliti nyuwun pamrayoga marang pamaca supados tulisan iki bisa luwih bener. Saka panliten iki bisa dadi inspirasi dhateng panliten sabanjure kang arep ngrembug ngenani tindak tutur sambat. Panliten iki ugi bisa luwih ngrembaka maneh dending panliti salajengipun. Karana isih akeh banget kang isa dirembug ngenani tindak tutur sambat.

6. DAFTAR PUSTAKA


- Abdussamad, Z. 2021. *Metode Penelitian Kualitatif*. Makassar; Syakir Media Press.
- Adila, I. (2012). Tindak tutur mengeluh dalam rubrik aspirasi, kriiing solopos, dan rakyat bicara.
- Ayasy, Y. (2022). Tindak Tutur Ilokusi dalam Lirik Lagu Album Mantra-Mantra Karya Kunto Aji Wibisono. *Jurnal Skripsi Mahasiswa*.
- “Biodata Denny Caknan dan Perjalanan Kariernya”. : [Kumparan.com](https://kumparan.com/profil-tokoh/biodata-denny-caknan-dan-perjalanan-kariernya-256BILS2oOR). 19 Mei 2025. Diakses 29 Juli 2025. <https://kumparan.com/profil-tokoh/biodata-denny-caknan-dan-perjalanan-kariernya-256BILS2oOR>
- Hermintoyo, M. H. M. (2017). Daya Tutur Metafora Lirik Lagu Populer (Kajian Pragmatik). *Nusa: Jurnal Ilmu Bahasa Dan Sastra*, 12(4), 196-205.
- Indriantoro, Nur., dan Supomo, Bambang. (2013). *Metodologi Penelitian Bisnis Untuk Akuntansi & Manajemen*. Yogyakarta: BPFE.
- Jamalus. 1988. *Panduan Pengajaran Buku Pengajaran Musik Melalui Pengalaman Musik*. Jakarta: Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan.
- Mahsun. 2017. *Metode Penelitian Bahasa (Tahapan, Strategi, Metode dan Tekniknya)*. Depok: PT Raja Grafindo Persada.
- Samsu, S. 2021. *Metode Penelitian: (Teori Dan Aplikasi Penelitian Kualitatif, Kuantitatif, Mixed Methods, Serta Research & Development)*.
- Searle, J. (1979). *Expression And Meaning; Ttudies in The Theory of Speech Acts*. New York: Cambridge University Press.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University.
- Sudaryanto. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University.
- Sugiyono. 2019. *Metode Penelitian Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Sukmadinata, N. S. 2017. *Metode Penelitian Pendidikan*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Trosborg, A. 1995. *Interlanguage pragmatics: requests, complaints, and apologies*. Berlin, New York: Mouton de Gruyter.

Triwikrama: Jurnal Multidisiplin Ilmu Sosial

Volume 10 No 11, 2025

E-ISSN: 2988-1986

Open Access:



Waluyo, Herman J. 2002. *Apresiasi Puisi*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama

Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-Dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Yogyakarta.

Yuliani, W. (2018). Metode Penelitian Deskriptif Kualitatif dalam Perspektif Bimbingan dan Konseling. 2(2).

Zuldafrial, & Lahir, M. (2012). *Penelitian Kualitatif*. Surakarta: Yuma Pustaka.